

LAMPIRAN

Lampiran 1: Transkrip Wawancara

Transkrip Wawancara

1. Narasumber : Bp. Nursaid
Lama profesi : 10 tahun
Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt 1/Rw 1, mebel milik Bp. Mustiko
Tanggal Penelitian : 23 Januari 2011
Topik Penelitian : Proses pembuatan kursi

- Pn : *proses ingkang sapisan menika masah nggih?*
Tk : *nggih masah.*
Pn : *Alate namine napa kemawon om?*
Tk : *Pasah mesin, pasah undhuk cendhak iku.*
Pn : *Lha ingkang dawa menika?*
Tk : *Sing dawa kanggo nglempengi, sing cendhak kanggo ngalusi.jenenge padha cuman undhuk dawa karo cendhak, ngono.*
Pn : *Lha ba'da dipasah dinapake malih?*
Tk : *Bar masah terus dimal, diemali iku digarèki, dige purus.*
Pn : *Digareki menika digambar napa?*
Tk : *Ya... digareki karo siku kae lho...*
Pn : *Berarti dipolane saking kayu blabakan menika lajeng dinapake?*
Tk : *Ya saka kayu blabagan dikethok-kethok, terus ditempleki pola, terus digraji.*
Pn : *Grajine ngangge graji napa om?*
Tk : *Ndelok-ndelok a, nek ngethok ya nganggo graji potong, nek murus ya nganggo graji bengkok. Nek iki budhukan grajen, tilak wong nggraji.*
Pn : *Graji potong menika ingkang manual nggih?*
Tk : *Ho'oh manual, sing ogrok-ogrok.*
Pn : *Lha graji ingkang bunder menika graji napa?*
Tk : *o...lha nek kae graji bengkok... graji bengkok ki ana loro. Sing sitok, sing gedhe kan kanggo komponen, lha nek sing cilik bengkok purus.*
Pn : *Dipurus menika dinapake?*
Tk : *lha iki jengene purus... piye ya rak ana contone, nok ngebrak ya ana. Purus iku lho kanggo nemplekke antara posisi iki karo iku, sing siji dibolongi sing siji ditempleke.*
Pn : *Terus ba'da murus?*
Tk : *Lha sing sijine khan dibolongi, dibobok.*
Pn : *Boboke ngangge bobok napa?*
Tk : *Ya sing mau, nganggo bobok mesin, nek manual ya nganggo tatah mau, tatah rapeh sing cilik iku. Terus bar dibobok terus diranjing utawa dirakit.*
Pn : *Lha ba'da dirakit menika dilim mboten?*

Tk : *Ya dilim.nganggo lim foxi, lim khusus lim adukan lim campuran.bar dilimi, disekrupi, dipakoni, terus nek iku jenenge dinageli. Nagel nggon purusi mau a..*
Nggon ceblokake mau a, terus dilimi, dibor, terus lagek dinagel utawa disanglet.

Pn : *Lha menawi bor ingkang mubeng menika menapa?*

Tk : *o... manual, ika bor engkol.*

Pn : *Bedane napa?*

Tk : *Ya luwih cepet, nek pelilit bore padha. Nah lek wis dadi ngeneki a... terus diampelas.*

Pn : *Lha menika grenda nggih?*

Tk : *He'eh iku grenda nggo nggrenda utawa ngikir graji.*

Pn : *Grenda ingkang ngge ngethok menapa ngge sanese menika sami mboten?*

Tk : *Sing iku khusus kanggo ngikir graji anu kok, graji bengkok.*

Pn : *Lha kadose wonten grenda ingkang ngge ngikir ning bentuk dawa menika ngge ngikir napa?*

Tk : *Iku kanggo graji ogrok (graji potong).*

Pn : *Hm...wau ba'da diampelas lajeng?*

Tk : *Nek bar diampelas, serpis, nyerpis ki ndhempul, utawa nembeli.*

Pn : *Lha ndhempule ngge napa?*

Tk : *Nggo budhukan amplas karo campur lim, terus diadoni. Terus diampelas meneh.*

Pn : *Lha ingkang wonten tatahane menika?*

Tk : *Tatahan ukir iku? modele komponen terus dipasahi terus diwehake sing natah iku.komponen ning kang wis dipasahi tukang ndipek, ndung kan rada' alus.*

Pn : *Lha kadose ingkang teng ngajengan wau wonten ingkang natah-natah ta?*

Tk : *Iku ngepur iku, carane kan ngaitke gambar-gambar sing durung dadi karo sing wis dadi, utawa nyambung-nyambungke gambar.*
O ya lha nek iku grenda amplas nggo ngaluske.

Pn : *Berarti amplas menika wonten pinten?*

Tk : *Amplas kasar karo amplas alus. Lha nek kuwi propil kanggo ngene ki lho...*

Pn : *Sami kaliyan kaoto mboten?*

Tk : *Ora,kaoto kanggo mbuleti mbunderi iki lho.lha nek propil kanggo lekuk-lekukan lah ora siku. Kegunaane akeh ek.*

Pn : *Om, menika ingkang namane blabak nggih?*

Tk : *He'eh, blabag nggo nukang.*

Pn : *Lha menawi gandhen menika menapa kemawon?*

Tk : *Iku cilik jengene pethik,nek gedhe gandhen, nek kayu ya menawa gandhen wayahe, lha nggo natah aku rak patek ngerti.*

Pn : *Graji ngge mbelah menika ngangge graji napa om?*

Tk : *Ya saiki wis da nggunakake mesin kabeh nggo bengkok iku wis kena nggo mbelahi utawa nyigari.*

Pn : *Kotak menika napa om?*

Tk : *Saben tukang ana kothake, kothak gaman.*

Pn : *Lha bedane meteran kaliyan siku menika menapa?*

Tk : *Yo adoha bedane, nek siku iku nggo nyiku ben rak penceng, nek meteran nggo ngukur dawa.*

Pn : *Lha menika?*

Tk : *Iku prusut. Kanggo nggaris pas kanggo dibobok.*

Pn : *o...ndamel ingkang bolongan menika nggih, dipola?*

Tk : *He'eh...diprusuti, dipola. Ya alat bantu nggo mola.*

Pn : *Pasah menika bagiane menapa mawon?*

Tk : *Iya kothak iku undhuke, iku wilah, iku rangkepan, lha cilik-cilik iku panthek nggo ngganjel, lha nek iku stange, danganan.*

Pn : *Inkang dawa menika sami mboten?*

Tk : *Bagiane padha, bedane dawa karo cendhak.*

Pn : *Lha fungsine?*

Tk : *Sing cendhak iku fungsine bar dipasah mesin iku kan terus dialusi nganggo ngono kan iku. Lha nek sing dawa kanggo nglempengi.*

Pn : *Lha tatah ingkang ngge ngepus wau jenise wonten pinten?*

Tk : *Tatahe kuwi akeh, jenise akeh.pada karo natah biasane. Nek kaya kuwi kanggo nyoreti kuwi lho kembangane. Nek kuwi kanggo tatah penilat, ya penilat gedhe penilat cilik ngono kuwi lho, kanggo nglemah-nglemahi ngono kui a, ndhasari.*
Gaman iku ana tang, kanggo njabut paku.

Pn : *Menika komponen nggih?*

Tk : *He'eh, bentuke kayu, dibelah, dimal, digraji.*

Pn : *Lha namane komponen-komponen menika menapa kemawon?*

Tk : *Owh...pisan nggawe sikilan, sikilan mbori, sikilan ngarep, tanganan.*

Pn : *Lha sikilan mbori menika sekalian ngge sendheran menapa mboten?*

Tk : *He'eh...lha nek iki sunduk. Sunduk iku sing nok pinggir. Jenis sunduk iku dhewe-dhewe, iki kanggo kebun, iki kanggo padi wayahe.*

Pn : *Berarti sunduk menika ngge ngaitke...*

Tk : *Ya sunduk iku ketoke anu antara sikilan-sikilan iku ancen ana sunduke.ana sunduk cendhak ana sundhuk dawa.*

Pn : *Lha menawi menika napa?*

Tk : *Srampat, srampat iku ya nggo pancikan. Biasane nok meja.*

Pn : *Lha menawi kursi wonten mboten?*

Tk : *Kursi ya nek gat ana nek gat orak. Nek sing kuwi jengene jari-jari kanggo sendheran.*

Pn : *Model kayune menika dawa-dawa nggih?*

Tk : *He'eh dawa-dawa, dileboke nggon kothakan sing nggo sendheran.*

Pn : *Menawi ingkang ngge lenggahan menika mbutuhaken jari-jari mboten?*

Tk : *Gambangan. Kanggo linggihan ra? Kanggo linggihan iku gambangan. Jari-jari iku dhewe karo gambangan.*

Pn : *Inkang teng wingking menika menapa?*

Tk : *Gunungan.*

Pn : *Gunungan menika mesti nglengkung napa dospundi?*

Tk : *Ana sing lempeng. Ya garek butuhe. Nek iku kursi dhewe, iku jengene kursi bunga. Modele tatah-tatahan.*

Pn : *Lha ingkang bolong menika napa?*

Tk : *Sing bolong-bolong iku, angin-angin.*
Pn : *Fungsine?*
Tk : *Iku angger nggo variasi. Posisine keliling.*
Pn : *Lha ingkang ditatah menika sami mboten?*
Tk : *He'eh padha ngge variasi, nggo blok-blok ngene ki a.. kanggo ngeblok.*
Pn : *Menawi ranjangan menika sampun dadi nggih?*
Tk : *He'eh wis dadi.*

2. Narasumber : Bp. Pariyo
Lama profesi : 21 tahun
Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 04/ Rw. 06 Mebel Bp. Jumadi
Tanggal Penelitian : 24 Januari 2011
Topik Penelitian : Pembuatan kursi

Rekaman pertama (tukang kayu)

Pn : *Ndamel napa pak?*
Tk : *Kursi monako...*
Pn : *Lha menika dinapakaken?*
Tk : *Ditembeli mbak, pelas-pelas iku lho... wah mriki lho mbak, ncen ngeneki nggonane ngebrak.*
Pn : *Lha menika nyekrup ngangge bor napa pripun?*
Tk : *Nggih, bor. Menika dreine.*
Pn : *Bakalan napa menika pak?*
Tk : *Niki tanganan mbak.*
Pn : *Menika lim napa pak?*
Tk : *Nika lim poksi, lim poksi jenenge mberaha .*
Pn : *Lha dijenengke lim poksi menika kenging menapa e pak?*
Tk : *Nggih duka. Lim poksi iku ya mereke mberah, ning ya le jengenake lim poksi.*
Pn : *Dipelas menika dinapakake.*
Tk : *Pelas nggih rusak, kayu rusak ditembel.*
Pn : *Ba'da ndamel tanganan biasane dipunlajengaken ndamel menapa pak?*
Tk : *Biasane ya sikilan, sikilan ngarep, sikilan mbori.*
Iku jengene kepala bangko iku mbak, kepala bangko nganten, kepala bangko monako..
Pn : *Lha natahe menika kapan pak?*
Tk : *Le natah... nggih, bar dipelas he'eh ra...terus disambung sing nganu ngeneiki, jengene pelas-pelas ngeneiki lagek dibengkokake, dibengkok. Lha bar dibengkok lagek ditatah. Bar ditatah lagek diterapake.*

Tk1: *"biasane masah rak ndhok kenea.."*

Tk2: *"Ya nok kene a.."*

Tk1: *"Kukna sekrup bos..."*

Tk2: *" endi?"*

Tk1: "sekrup...iku lho..."
 "rumangsaku ana sekrup tek"
 "bos, ki garapen ya..."
 Tk2: "yoh."

Rekaman ke-2 (tukang kayu)

Tk : *Iki tempele rung dadi tatahane.*
 Pn : *Wau ngendika yen menika jenenge cublak nggih?*
 Tk : *Ya cublak.*
 Pn : *Menika menapa pak?*
 Tk : *Pen. Kanggo gentine purus.*
 Pn : *o... ngge genti purus nggih. Lha menika napa pak?*
 Tk : *Iku jengene pelilit. Pelilit korek.*
 Pn : *o... pelilit korek, kangge menapa pak?*
 Tk : *Ya kanggo ngono kuwi mau, kanggo nerapake pene mau.*

Rekaman ke-3 (tukang natah)

Pn : *Mas tatahe menika napa mawon?*
 Tk : *Penilat, penguku, kol, juring, coret, uwis ah.*
 Pn : *Lha penilat fungsine kangge napa mas?*
 Tk : *Nggo ngrancap.*
 Pn : *Penguku?*
 Tk : *Ngge mbentuk,*
 Pn : *Kol?*
 Tk : *Ngge kembange a, ya padha ae ngge mbentuk*
 Pn : *Juring?*
 Tk : *Ngge mecahi, padha karo coret.*
 Pn : *Fungsine padha karo coret?*
 Tk : *Hemm...*

3. Narasumber : Bp. Trisna
 Lama profesi : +/- 25 tahun
 Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 03 /Rw. 04 mebel Bp. Shodiq
 Tanggal Penelitian : 25 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan toilet, almari

Pn : *Menika toilet nggih, pisan nggraji rumiyin napa dinapake?*
 Tk : *Iya...,dibahani ndhisik, gambar kan misale gambare ngeneki ra, bahan ukuran semene dianu ndhisik, lha engko lagek digareki, lagek digraji. Iki kan rung mesti padha si, gambare didelok sik, lagek bahane.*

Pn : *Lha menika bahan-bahane jengene napa?*
 Tk : *Iki kan bingke, puk, tempat duduk kan puk, toilet kan ana puke. Nek kursi kan dhewe neh.*
 Pn : *Lha menika wonten bagian-bagian?*
 Tk : *Iya lacine, lawang.*
 Pn : *Lha wau kan pun dimal, pasah, lajeng urutane dospundi?*
 Tk : *Urutane kan cara anu bar dipasahi, digareki, cara ngukur lah, cara-carane digareki sik. Lha nek nggareki bar pasahan karo mbahani kan dhewe meneh. nek mbahani kan misale gambar iki lagek dibahani durung dadi iki dibahani. Lha nek wis nggareki wis dadi roh gambare, nggareki cara bakal dirangke bisane dadi kuwi.*
 Pn : *Lha kadhang wonten ukir-ukirane menika ditatah nggih?*
 Tk : *Iya ngukir... tatah ukir.*
 Pn : *mboten ingkang tempel menika?*
 Tk : *Iya tempel kan diukir si, mbobok.*
 Pn : *Berarti nyesuaike kebutuhan nggih?*
 Tk : *He'eh...*
 Pn : *Lha bagian ngeteniki napa pak?*
 Tk : *Iku jengene klewer. Sing ndhuwur ngeneki jengene klewer, sing ngisor jengene srebet.*
 Tk1: *"kang kayune grajinen tah!, pe tak pasah"*
 Tk2: *"ko sik, mbake jik takok ki lho..."*
 Tk1: *"yo wis, tak grajine dhewe."*
 Pn : *Lha fungsine ngateniku kangge menapa pak?*
 Tk : *Nek sing model ngeneki, bengkok, dibengkok ngene ki, rak pol kene ki, model buletan, ana model garengan.*
 Pn : *Garengan menika menapa?*
 Tk : *Ya kaki. Ya biasa garengan, carane gantine srebet ngeneki. Lho ngeneki, dhewe.*
 Pn : *Sik bubutan menika?*
 Tk : *Ya ngeneki model bubutan, ngeneki model garengan, laen si... Lha nek bangko dhewe meneh...*
 Pn : *Bangko... lha ngeteniki namine tetep bingke wau, lajeng menika tetep meja... hm...istilahe namung...*
 Tk : *Ya toilet kan ana bingkene ana mejane ngeneki...*
 Pn : *o...menawi ndamel lemari?*
 Tk : *Lemari ya misale ana saka.*
 Pn : *Saka menika nggen tiang utawi cagak nggih?*
 Tk : *Iya cara kene kan saka, cara nganu kan tiang.*
 Pn : *o... berarti ndamel pojokane rumiyin niku? lha menika napa?*
 Tk : *Pinggir. Blok pinggir.*
 Pn : *Lha biasane wonten godhongan-godhongan menika napa?*
 Tk : *Nek godhongan ya meja. Lawang... lha kaya ngeneki kan godhongan lawang, lha ngeneki godhongan meja.*
 Pn : *Lha menika wau?*
 Tk : *Kuwi pinggir.*

Pn : *Lha ingkang nginggile ngeteniki?*
 Tk : *Kuwi jengene gunung.*
 Pn : *Berarti sami kaliyan kursi nggih?*
 Tk : *Kursi sing bengkok nok tengah kan jengene gunung, lemari ya padha.*
 Pn : *Lha lemari menika kan wonten ingkang ngge mbates-mbatesi menika jengene napa? ingkang ngge wadhah klambi menika lho...*
 Tk : *Centhelan.*
 Pn : *Menika lhak ingkang digantung, setunggale malih.*
 Tk : *Tondhan utawa ambal ya kena.*
 Pn : *Kadhang wonten ingkang kacanan, lha kados menika napa?*
 Tk : *Iku lis, kanggo ngias.*
 Pn : *Menawi saking alat-alate menika mbutuhaken menapa kemawon pak, kados ngge ndamel lemari menika...*
 Tk : *Ya mamula si nganu kuwi ya pasah, misale ana model saiki ora nganggo kaoto ngeneki. Ya ana alat kaoto, jengene kaoto nggo mbengkong-mbengkong ngeneki ngaotoni, saikikan nganggo bobok. Padha wae saiki nek nukang iku isa nganggo pasah utawa undhuk, undhuk kodhok, undhuk panjang.*
 Pn : *Undhuk kodhok menika?*
 Tk : *Undhuk cendhek. Undhuk kodhok cara kene, cara anu undhuk cendhek. "kodhoki!" istilahe wong kene, kata-katane dhewe.*
 Pn : *Lha menika kangge napa?*
 Tk : *Iku pethel, nggo metheli.*
 Pn : *Metheli napa mawon pak?*
 Tk : *Ya, dhong butuhe apa, dhong rak butuh ya rak nganggo.*
 Pn : *Lha biasane menawi matheli kangge ndamel napa?*
 Tk : *Nggo ngawe... nek saiki jarang, nek cara ndhisik nganggo bengkok kan dipetheli sik, saiki kan ana alat bengkok, bobok kan ora usah. Dadi cara ndhisik tradisional.*
 Pn : *Lha menika wonten ungal...*
 Tk : *Ungkal ya ungal grenda, ya ungal alus...*
 Pn : *Lha menika ungal menapa?*
 Tk : *Ungkal alus, ungal watu sing alus.*
 Pn : *Lha kadhang wonten kikir menika?*
 Tk : *Kikir ya kikir graji.*
 Pn : *Ngeteniki namine graji napa pak?*
 Tk : *Graji eblek.*
 Pn : *Lha graji andhang menika kangge?*
 Tk : *Andhang iku nggo nyegrek, graji kuna. Saiki kan rak menangi.*
 Pn : *Lha ingkang ngge negor kayu?*
 Tk : *Singso. Sing nggo negor kayu iku singso.*
 Pn : *o... ngge negor kayu menika graji singso...*
 Tk : *Nggo ngethok kayu gedhe-gedhe, uwit kuwi graji singso.*
 Pn : *Menika ingkang ngangge mesin napa ingkang nggraji menika tiyang kalih?*
 Tk : *Orak a, singso ya nganggo mesin kuwi. Ana suarane sing nghok-nghok*

ngeneika.

Pn : *Lha ingkang tiyang kalih menika?*

Tk : *Ika cara anu graji andhang, tradisional iku.*

Pn : *Menika napa pak?*

Tk : *Iku propilan, kanggo nganu lawang. Istilahe kanggo nutup bolongan lawang iku kan jengene propilan.*

Pn : *Menika napa?*

Tk : *Iku nganu kanggo ndhempuli...*

Pn : *Hm... bubukan?*

Tk : *Oker.*

Pn : *Oker menika saking napa?*

Tk : *Ya bahan tukon iku... cara ndhisik nggo ndhempul-ndhempul iku.*

Pn : *Lha menika napa pak?*

Tk : *Kuwi kanggo mropil, cara anu nganggo undhuk propil, undhuk kol. Gantine propil mesin.*

Pn : *Istilahe propil tradisional nggih?*

Tk : *Ya...*

Pn : *Lha biasane ngangge alat-alat menika kemawon pak? Menapa wonten sanese?*

Tk : *Iya... Inggir ya ana...*

Pn : *Inggir menika menapa?*

Tk : *Inggir kanggo nginggiri, misale propilan kurang rapi. Ya kaya undhuk sing kanggo nggawe pinggiran ngeneiki.*

Pn : *Lha ngeteniki?*

Tk : *Dilim...dikareti nganggo karet, ora nganggo pres mesin. Disambung nganggo karet.*

Pn : *Menika wonten oli kangge menapa?*

Tk : *Iki orak oli, iki lim iki...*

Pn : *Menika nggen kuncine?*

Tk : *Heeh kunci...*

Pn : *Inkang dingge mbukak menika napa?*

Tk : *Tarikan...*

Pn : *Menika godhongan nggih?*

Tk : *Kuwi nggon kaca kuwi...*

Pn : *Lha menika?*

Tk : *Iku todhos utawa totok , todhos ya ana sing ngarani grip*

Pn : *Kangge napa pak?*

Tk : *Ya misale paku ngenekia, nggo ngetok paku lah ambles, ngamblesake paku jo lah katok.*

Pn : *Berarti dithuthuk nganggo gandhen nggih?*

Tk : *Iya a...nganggo palu, utawa gandhen.*

Pn : *Lha menika natahe teng mriki napa teng pundi?*

Tk : *Natahe nok kene. Kadhang nggo mulih.*

Pn : *Tatahe biasane ngge tatah napa kemawon pak?*

Tk : *Ya nek wong ngukir ya nganggo tatah ukir a... nek kanggone wong nukang kan orak nggunakake tatah ukir si... tatah bobok, tatah rapeh nggone wong*

nukang. Nek penguku kan urusane wong natah...

Pn : *Menawi bobok , rapeh menika fungsine kangge?*

Tk : *Ya kanggo mbolongi, misale nggawe lawang kan diboboki si... nek rapeh kan nggo ngrapekake kiwa tengene bobokan iku.*

Pn : *Lha kados menika nyambung-nyambungke dinapake?*

Tk : *Disambung ya dilim ngenekia... disekrup.*

Pn : *Lha menika?*

Tk : *Iku kan dibobok.*

Pn : *Menika ngge nggaris-nggaris nggih?*

Tk : *Iku prusut, ge misale butuhe saksenti tah mangsenti, lah padha kan diprusut. Misale madhakake ambane, rong senti ya lah padha.*

Pn : *Menawi sampun dadoskados menika lajeng dinapake, saklajengipun napa malih?*

Tk : *Disetel. Ya terus dibukaki meneha... terus dikirim. Bar setelan terus dibongkar.*

Pn : *Mbongkari nggih?*

Tk : *Sing lemari ya rak usah. Cara dipan, setelane dibongkar.*

Pn : *Menawi ngamplas menika teng pundi?*

Tk : *Nok kene a...*

Pn : *Ngangge amplas menapa?*

Tk : *Amplas mesin*

Pn : *Biasane wonten napa malih pak, bedane ndamel kursi, lemari?*

Tk : *Ya bedha-bedha. Ya bahane alate tukang si padha. Tapi kan nggawene dhewe, kaya dipan, kursi dhewe. Nek ndhok kenekan lemari, kursi, dipan, meja.*

4. Narasumber : Ridwan dan Warli
 Lama profesi : +/- 3 dan 10 tahun
 Tempat Penelitian : Mebel Bp. Daruki, Ds. Lebak, Dusun Nganjir Rt. 2/
 Rw.3
 Tanggal Penelitian : 26 Januari 2011
 Topik Penelitian : Memahat kayu

Pn : *Kowe natah apa?*

Tk : *Natah dipan*

Pn : *Selama iki wis natah apa wae?*

Tk : *Natah tempel*

Pn : *Tempel iku apa wae?*

Tk : *Loster,nampanan, tiang*

Pn : *Nampanan ki apa?*

Tk : *Nampanan ya padha wae ukiran*

Pn : *Nampanan iku kanggo apa?*

Tk : *Ya kanggo nempel-nempeli lemari-lemari*

Pn : *o...berarti mung kanggo asesoris ya?*

Tk : *Heeh...*

Pn : *Tiyang, tiyang apa iki?*
 Tk : *Ya padha wae kanggo pojok-pojokan lemari ngono kui...*
 Pn : *Tatah sing mbok enggo biasane tatah apa wae?*
 Tk : *Penilat...*
 Pn : *Kanggo?*
 Tk : *Ya ngapa ya?*
 Pn : *Lha dienggo ngapa? Ndhasari apa nggo ngapa?*
 Tk : *Ya didhasari nggo juring... penguku kanggo mbuluki.*
 Pn : *Mbuluki menika menapa mas?*
 Tk : *Nggethaki, nggawe gambar kanggo ndhasari.kol ngge ngekol.*
 Pn : *Lha biasane ngge motif apa?*
 Tk : *Ya ngene ki, ngge njegongi.corot, ngge nyoreti...*
 Pn : *Lha iki apa jengene?*
 Tk : *Palu, gandhen.*
 Pn : *Bedhane karo sing wesi?*
 Tk : *Iki gandhen, nek wesi palu. Asline padha wae, bedhane ya mung iki kayu.*

5. Narasumber : Suhali
 Lama profesi : +/- 15 tahun
 Tempat Penelitian : Mebel Bp. Bloso, Desa Lebak Rt. 02/ Rw. 01
 Tanggal Penelitian : 27 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Bifet Orjen

Pn : *Proses ndamel ngeteniki dospundi pak?*
 Tk : *Saka kayune, diopen. Lagek digawe...*
 Pn : *Didamel napa?*
 Tk : *Contone ya ngene ki...*
 Pn : *Namine napa pak?*
 Tk : *Ambalan...*
 Pn : *Kangge?*
 Tk : *Kanggo tondhan lemari, adhah gombal. Nek wis kan disetel, diterapake.*
 Pn : *Lha menapa malih?*
 Tk : *o... cara alate ya alat propil, graji... apa meneh?*
 Pn : *Bagian-bagiane kan wonten si pak, menika menapa kemawon?*
 Tk : *Iki jengene propilane, iki sloroke, pintune, iki ya pintu tunggale.*
 Pn : *Lha alat-alate menapa?*
 Tk : *Alate ya pasah.*
 Pn : *Menika menapa pak?*
 Tk : *Gandhen iku...*
 Pn : *Mboten, menika lho pak?*
 Tk : *o... iku tembak, paku tembak, amplas, grenda ya ana.*
 Pn : *Ingkang alit-alit menika dingge menapa?*
 Tk : *Lis.*
 Pn : *Menika bahane saking triplek nggih.*
 Tk : *Anu MDF, triplek ora ngene.*

Pn : *Menika bifet nggih?*
Tk : *Ya, bifet orjen.*
Pn : *Menika dingge menapa?*
Tk : *Lawange.*
Pn : *Alat-alat tradisional nggangge mboten?*
Tk : *Ora ana, modern kabeh. Alat nukang paling rak gandhen, siku, meteran.*
Pn : *Lha biasane kan kathah pak...*
Tk : *Mberah rak nggek emben, saiki kan orak.*

6. Narasumber : Rudin
Lama profesi : +/- 10 tahun
Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 05/ Rw. 01
Tanggal Penelitian : 27 Januari 2011
Topik Penelitian : Mbubut

Pn : *Kula badhe nyuwun pirsu bab mbubut... mbubut menika menapa mawon...*
Tk : *o... iku sikilan teltop.*
Pn : *Teltop menika menapa?*
Tk : *Teltop ya biasane rotop ikua. Iku laci, rak koran.*
Pn : *Lha gamane?*
Tk : *Gamane ya ana penilat.*
Pn : *o... sami kaliyan ngge natah nggih?*
Tk : *Hm... ya dhewe-dhewe. Kol kanggo sing cekung-cekung. Penilat kanggu sing lurus-lurus. Corek, nggo nggarek.*
Pn : *Menika?*
Tk : *Gandhen, siku...*
Pn : *Lha menika menapa?*
Tk : *Jangka bunder, jangka lurus.*
Pn : *Lha menika namine napa?*
Tk : *Ya mesin bubut.*
Pn : *Lha istilah mbubut menika menapa mawon?*
Tk : *Istilah nok nggon mbubut ya bulug.*
Pn : *Bulug menika dibunder-bunder nggih?*
Tk : *Ya...dibunderake. terus ana model jamur, payung.*
Pn : *Lha pisanan menika dinapakake?*
Tk : *Dipetheli. O...ya alate tambah pethel barang, karo ungkale .*
Pn : *Lajeng menapa malih?*
Tk : *Meteran...*
Pn : *Menika bubutan napa menapa?*
Tk : *Budhukan...*
Pn : *Lha menika?*
Tk : *Ika pethelan.*

7. Narasumber : Zenjova
Lama profesi : +/- 8 tahun
Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 02/ Rw. 03
Tanggal Penelitian : 29 Januari 2011
Topik Penelitian : Pembuatan tempel

Keterangan:

Kegiatan wawancara tidak direkam, hasil wawancara terdapat dalam catatan lapangan

8. Narasumber : Bp. Yanto
 Lama profesi : +/- 10 tahun
 Tempat Penelitian : Mebel Bp. Muhadi, Desa Lebak Rt. 02/ Rw. 03
 Tanggal Penelitian : 29 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan almari

- Pn : *Ndamel napa?*
 Tk : *Ndamel nakas, lemari*
 Pn : *Proses kadospundi*
 Tk : *Saka pangkalan, bar dibelah, mangke diopen sak garingegampangane kan ngoten mangke didudah,... bar niku disekal*
 Pn : *Disekal niku napa?*
 Tk : *Disekal niku nggih dibakali...*
 Pn : *Terus ba'da dibakali? Niku dimal nggih napa langsung?*
 Tk : *Nggih... ngih diemali.. tergantung barange napa. Lemari...*
 Pn : *Bagian-bagiane niki napa?*
 Tk : *Bok ya Allah... nggih wonten srebet.. niku bawahan nakas. Ngeteniki rancangan... terus niki lambung... samping.*
 Pn : *Lambung niku ngge ngajeng nggih...*
 Tk : *Saking pinggir...*
 Pn : *Owh... istilahe rangkane?*
 Tk : *Nggih...niki lambung tengah. Nek cara kurang jelas.. lambung iki jengene rangka. Cara kampong kan omahane...*
 Pn : *Ngginakake alate menapa kemawon?*
 Tk : *Nggiraji, masah... masah mesin nggih saged. Biasane ngge serkel nika.. bar masah lagek dipasang... iki bagian samping... gawe kerangka pintu.. ika ranjangan.. ko bagian-bagian ngeneiki pada wae... nggon pintu. Bagian ndhuwur iku jengene kap.*
 Pn : *Kap niku kados gunungane mboten?*
 Tk : *He'eh... kap utawa nggon bagian gunungane propil. Model lemari nggunakake propel, bagian nakas nggunakake dau.*
 Pn : *Niku gunane napa? Ngge hiasan napa? Lemari menika kan asline kothak... lha lajeng wonten kados gunungane nika...*
 Tk : *Iku jengene propile.*
 Pn : *Lha nek daun niku sami?*
 Tk : *Nek daun orak... nek daun biasane ana modele tumbukan. Ana sing variasi meneh.*
 Pn : *Sing muncuk-muncuk niku nggih...*
 Tk : *Nek lemari nganggo propilan.. pager wis?*
 Pn : *Pager?*
 Tk : *Lemari bagian mburi... model propel iku mau padha lemari. Model bupet..*
 Pn : *Wonten slorokane nika?*
 Tk : *Em.. laci... laci utawa slorok ika a...*
 Pn : *Lha niku ngginakake triplek niki?*
 Tk : *Tergantung mbak. Kadang nganggo kayu kandang nggo triplek, nggo*

dasaran laci

Pn : *Ngeteniki menawi pun dados dinapakake?*

Tk : *He'eh.. wis dadi langsung diampelas*

Pn : *Diplitur mboten?*

Tk : *Mboten... ikikan modele mentahan... ko dikirim nok gudang.*

9. Narasumber : Ibu Lastri
 Lama profesi : +/- 5tahun
 Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 02/Rw. 02
 Tanggal Penelitian : 30 Januari 2011
 Topik Penelitian : Membuat *Untir*

Pn : *Seg napa bu?*

Tk : *Iki si mbak...*

Pn : *Proses dospundi?*

Tk : *Kayu glundhungan dibelahake, terus dikapakake mbak... diserut ndhisek, diloter..*

Pn : *Diluter kersane bunder nika nggih?*

Tk : *He'eh.. terus digraji... digraji terus digerit. Iki jengene geritan iki mbak... saiki jengene geritan. Jaman mben nggih ditatah. Saiki jengene geritan si bu...*

Pn : *o... geritan*

Tk : *Em... iki jengene untir ek mbak. Cara Jakarta ya tambang a...*

Pn : *Biasane ngeteniki kangge?*

Tk : *Nggo lemari, bipet*

Pn : *Trus ngeteniki jengene napa/*

Tk : *Iku jengene tatal a mbak, iki jengene wilah, iki gandhen. Geritan iku digawe ko wilah a mbak...*

Pn : *Tatahe niku tatah napa sing bengkong?*

Tk : *Iki tunggale iki a mbak.. iki kanggo untur sing cilik*

Pn : *o... berarti untir langsung saking mriku..kug kadosé wonten sing alit-alit ngeteniki?*

10. Narasumber : Bp. Amat
 Lama profesi : +/- 10 tahun
 Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 01/Rw. 02
 Tanggal Penelitian : 30 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan *tempel*

Pn : *Proses awal ngeteniku ndamel napa mawon?*

Tk : *Ngeneki digraji, dibubut trus ditatah...*

Pn : *Terus ulir nika didamel napa...*

Tk : *Ya gene ki a... terus dirangke... bar dirangke terus disetel...*

Pn : *Lajeng?*
 Tk : *Bar disetel ngeteniki a terus diampelas... kan pun dados... terus dipenesing*
 Pn : *Lha proses penesing nika kados menapa?*
 Tk : *Wah.. kula mboten tek ngertosi mbak...*
 Pn : *o... menika naming bagian nyeteli ngaten?*
 Tk : *Heeh... bagian nyetel.. nggon penesing ana nggone dhewe*

11. Narasumber : Bp. Sunoto
 Lama profesi : +/- 15 tahun
 Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 04/Rw. 06
 Tanggal Penelitian : 31 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Kursi

Pn : *Saking prosese?*
 Tk : *Kayu dibengkok. Yo nek awale ya dimal, graji bengkok, dibengkoki.*
 Pn : *Dipasahi napa*
 Tk : *Digraji riyin.. tatah, diukur*
 Pn : *Diukur ngangge napa?*
 Tk : *Meteran, diukur... utawa dimal. Disetel*
 Pn : *Disetel niku diranjing napa mboten?*
 Tk : *Alate...*
 Pn : *Alate?*
 Tk : *Alate pertama plener utawa serut iku a*
 Pn : *Fungsine kangge napa?*
 Tk : *Masah ikua... bur...*
 Pn : *Bure ngangge bur mesin napa?*
 Tk : *Mesin. Serpis.*
 Pn : *Serpis niku napa mawon?*
 Tk : *Amplas a...*
 Pn : *Amplas?*
 Tk : *Amplas mesin ikua.. iku alate sakanane nggih?*
 Pn : *Nggih*
 Tk : *Palu kecil dan besar, siku, meteran, totok.*
 Pn : *Totok niku napa?*
 Tk : *Paku dicubles ngetenikia..*
 Pn : *o... totok cublak.lajeng?*
 Tk : *Prusut nggo nggaris, tang, catut.. mboh basane dhewe-dhewe. Pen utawa patelot. Apa neh ya... alate apa.. hehe... tatah.*
 Pn : *Tatahe ngangge tatah napa?*
 Tk : *Tatah rapeh, bobok barang tah rak?*
 Pn : *Bobok.*
 Tk : *Propil wis?*
 Pn : *Istilah tanganane nika lho, misale ndamel sikilane rumiyin..*
 Tk : *Kaki depan, kaki belakang...*
 Pn : *Jawane mawon.*

Tk : *Sikil ngarep, sikil mburi, terus sunduk*
 Pn : *Napa?*
 Tk : *Sunduk samping, sunduk depan*
 Pn : *Sing kangge ngeteniki?*
 Tk : *Heeh... sing nggo pinggir. Jari-jari, tangan...*
 Pn : *Misale kados mejane*
 Tk : *Meja... pada wae sikil.*
 Pn : *Sami, sek bedha napane?*
 Tk : *Godhongan. Godjhongan nggo meja ngeneki*
 Pn : *Misale ganjel niki?*
 Tk : *Sikon*
 Pn : *Sikon niku nggen niki ta..*
 Tk : *Heeh. Tempele iki. Sunduk... sunduk tengah, samping, blakang, depan*
 Pn : *Biasane kan wonten ngge... napa nika?*
 Tk : *Srampat*
 Pn : *Lha niki ngge napa, sek ngandhap*
 Tk : *Daun bawah*
 Pn : *Le ndamel lekuk-lekuk niku dinapake?*
 Tk : *Iki? Iki ya ngeneki...*
 Pn : *Menika gunung sanes, lha menika dibubut? eh bubut...*
 Tk : *Heeh... jari-jari bubut*

12. Narasumber : Bp. Ngadirin
 Lama profesi : +/- 10 tahun
 Tempat Penelitian : Mebel Bp. Tholib, Desa Lebak Rt. 03/Rw. 01
 Tanggal Penelitian : 12 Februari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Almari (Akas)

Pn : *Nggih saking proses e napa?*
 Tk : *Sekal gambar ukuran*
 Pn : *Sekal niku napa?*
 Tk : *Ukuran ikua... panjang, tinggine, lebare ikua*
 Pn : *Terus?*
 Tk : *Ndamele nggih akas, lemari...*
 Pn : *Lajeng ngethok kayu dinapake?*
 Tk : *Diserut, terus digraji, dipotong karo graji*
 Pn : *Lajeng?*
 Tk : *Terus disetel dadia... terus pasahan*
 Dirakit
 Pn : *Pasahan ngateniki a*
 Tk : *Dirakit dadi barang*
 Pn : *Ndamel ngateniki bagian-bagiane? Kados ngateniki... terus niki...*
 Tk : *Bagian tiang.. terus apa carane... o... daun... sek, apa iki ngarani... srebet*
 Pn : *Srebet niku menawi kursi wonten sikile nggih?*
 Tk : *Nggih. Niki tiang penyekat. Alate ngateniki...*

Pn : *Kados ndamel bolongan wonten garis..*
 Tk : *Niki termasuk alat-alate si mbak. Ngge kloter. Niki kloter namine, kangge ngeteniki lho...*
 Pn : *Lajeng, napa malih pak? Dilemi ngatenika...*
 Tk : *Dilem*
 Pn : *Terus dikareti nggih?*
 Tk : *Nggih... niki namung ndamel lemari kaliyan meja?*
 Pn : *Nggih*

13. Narasumber : Bp. Sawut
 Lama profesi : +/- 15 tahun
 Tempat Penelitian : Mebel Bp. Ngateni, Desa Lebak Rt. 02/Rw. 06
 Tanggal Penelitian : 13 Februari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Almari (Akas)

Pn : *Ndamel napa pak?*
 Tk : *Iki kayu, damel nakas, lemari*
 Pn : *Proses dinapake?*
 Tk : *Diserut, digraji, serut iku dipasah. Terus dibakali utawa dibahani. Ba'da seruta diukuri. Nek mpun dados nggih dikirim.*
 Pn : *Istilah ngeteniki napa mawon pak*
 Tk : *Sunduk, ambal.*
 Pn : *Ambal niku ngge wadhahe nggih. Lajeng?*
 Tk : *Niki samping... mangke niki rancangan.*
 Pn : *Rancangan niku sek ngeteniki*
 Tk : *Bar rancangan kan sikil.*
 Pn : *Sek teng wingking niki?*
 Tk : *Cara anu ya pageran...*
 Pn : *Terus ngginakake alat napa mawon pak*
 Tk : *Ya metran, pasah, undhuk, graji, meteran mpun, undhuk rak mpun...*
 Pn : *Lajeng...*
 Tk : *Graji mpun? gandhen, meteran...*
 Pn : *Menika wonten bobok nggih...*
 Tk : *Nggih bobok, serkel pun?*
 Pn : *Serkel niku napa?*
 Tk : *Nika lho...*
 Pn : *Owh graji bunder...*
 Tk : *Owh retine graji bunder... laci mpun?*
 Pn : *Lajeng napa malih. Ngeteniki jenenge napa?*
 Tk : *Ngeteniki masang. Blabag.. blabag niku template*
 Pn : *Kalih brak nggih*
 Tk : *Niki sikilan*
 Pn : *Lha kangge nggaris niku napa?*
 Tk : *Jidaran...*
 Pn : *Sanes kadosé istilahe sanes jidaran...*

Tk : *Nggo njidari kae...*
Pn : *Lajeng napa*
Tk : *Niki damel lemari*

14. Narasumber : Ibu Zumrotun
 Lama profesi : +/- 7 tahun
 Tempat Penelitian : Gudang Graha Indah, Desa Lebak Rt. 04/ Rw. 06
 Tanggal Penelitian : 15 Februari 2011
 Topik Penelitian : Proses Mewarnai

Keterangan:

Kegiatan wawancara tidak direkam, hasil wawancara terdapat dalam catatan lapangan

15. Narasumber : Ibu Wana
 Lama profesi : +/- 15 tahun
 Tempat Penelitian : Gudang Graha Indah, Desa Lebak Rt. 04/ Rw. 06
 Tanggal Penelitian : 16 Februari 2011
 Topik Penelitian : Proses Mengamplas

- Pn : *Bu badhe nyuwun pirsu, teng mriki napa mawon?*
 Tk : *Ngamplas mentah, ngamplas piler..*
 Pn : *Nggih kados ngatenikulah...*
 Tk : *Nggih tak wakili mbak... Ngamplas mentah, ngamplas piler, serpis warna*
 Pn : *Lha alate ngge napa?*
 Tk : *Amplas mesin*
 Pn : *o..ingkang manual napa mawon?*
 Tk : *Karet, ngge bantalan niku a.. kersane mbotan panas*
 Pn : *Kaine niki kangge napa?*
 Tk : *Kangge ngelapi, miler*
 Pn : *Miler niku dinapake*
 Tk : *Miler nggih ngateniki*
 Pn : *Diwarna nggih*
 Tk : *Nggih... warnane, mangkeh diampelas malih*
 Pn : *Nggih berarti ngamplase bolak-balik nggih. Warna ne kados plitur nika mboten, napa beda*
 Tk : *Warna niku kathah si mbak...warna pertama niku kan miler, wonten leg, lpg, kathah*
 Pn : *o... itungane ngge dasaran..*
 Tk : *Menawi ba'da diservis warna mangke disending*
 Pn : *Disending niku dinapake*
 Tk : *Nggih diwarna mangke diampelas malih*
 Pn : *o...ingkang mengkilap nika nggih*
 Tk : *Niku melamik...*
 Pn : *O berarti teng mriki napa mawon beda kaliyan teng kilen nggih?*
 Tk : *Nggih. Niki ndhempul mbak*
 Pn : *Jenengan ndhempule ngangge napa?*

Tk : *Dhempul impra*
Pn : *Sanes sing lem putih nika*
Tk : *Nggih menawi teng mriki ngginakake impra*

16. Narasumber : Bp. Mashuri
Lama profesi : +/- 20 tahun
Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 01/ Rw. 06
Tanggal Penelitian : 16 Februari 2011
Topik Penelitian : Pembuatan Bifet, Almari, dan *Dipan*

Pn : *Pak badhe nyuwun pirs babagan ndamel ngateniki...proses kados menapa, name kados komponen menapa mawon, alat-alate..*
Tk : *Alate propil, gergaji, bur, serut...*
Pn : *Serut niku napa?*
Tk : *Serut niku pasah...pun sekeca alate?*
Pn : *Lha napa malih?*
Tk : *Lha nek iki kan propil, bur kados ngetenika. Ning kan matane akeh..*
Pn : *Mata propile kathah nggih??*
Tk : *Nggih kathah mata propil, wonten bulug, kol, setrik. Niki namine setrik..*
Pn : *Lha bulug kangge napa?*
Tk : *Kangge bulug...Bulug nggo daun nika lho...*
Pn : *Bunder ngateniku...*
Tk : *Yo..*
Pn : *Lha sing kangge ngekol?*
Tk : *Kol damel lis-lis... tergantung si mbak, ana sing njaluk buluk ana sing njaluk kol...*
Pn : *Lha setrik kangge napa?*
Tk : *Setrik kanggo mbobok...*
Pn : *Mbolongi nggih?*
Tk : *Nggih mbolongi...*
Pn : *Lha sing tradisional kados niki...*
Tk : *Nggih wonten undhuk, tatah rapeh, martil. Gandhen kan martil. Martil gedhe, martil cilik*
Pn : *Saking sik di damel napa mawon?*
Tk : *Ya ana lemari, dipan, ana bupet, ana.. apa meneh ya... bupet ana sing tumpuk ana sing orak. Carane saka kayu maoni... dibelah... miturut ukuran. Ukuran akas ana limang senti, ana dua senti ana satu senti. Diopen gek dibikin...*
Pn : *Istilah teng bupet niku napa mawon?*
Tk : *Lambung, daun, pager... pintu...laci,*
Pn : *Kados sikilan niku?*
Tk : *Garengan. Cara Jakarta ku kaki samping, cara kene garengan...*
Pn : *Model sikilan ngateniku napa pak?*
Tk : *Srebet... yo srebet... alias dengklok. Wong kan ngarani dhewe-dhewe si... cara Jakarta ngarani srebet, ning nok Jawa kan ngarani dengklok.*

Pn : *Niki napa?*
 Tk : *Iki kaoto, iki undhukane...*
 Pn : *Nika kangge napa?*
 Tk : *Nek jaman ndhisik rung ana alate loter kan kanggo manil, saiki kan ana lotere, manil nggo loter.*
 Pn : *Niki ngangge lem napa pak?*
 Tk : *Lem poksi. Putih ma kuning... ki lho ki lho... ki kan putih..he'eh ra... iki sing kuning..dicampur diaduk..*
 Pn : *Didhempul ngateniku teng mriki napa teng gudang?*
 Tk : *Dhempul nok kene...diampas nok kene, baru dikirim... wis apa neh...*
 Pn : *Lha ngaten iku ngge napa*
 Tk : *Iku karton kanggo mal-mal. Sakumpamane ana model anyar nika. Mal daun...*
 Pn : *Nika siku nggih? Pojokan digantholke niku lho...*
 Tk : *Siku... wesi nggo daun ngene ki a...*
 Pn : *Sing ageng mboten wonten?*
 Tk : *Rak ana a... anane cendhak-cendhak... sing dawa ngeneki nggawe dhewe a...*
 Pn : *o... brarti ngatenika ndamel piyambak?*
 Tk : *Yo a... ndhamel piyambak... misale daun lebare ana lima puluh pat puluh karo iki kan gak sampek.*
 Pn : *Nika graji napa?*
 Tk : *Graji belah, graji potong ana...*
 Tk 2: lem poksi mau nek rak mbok warai ak rak isa...
 o ya lem poksi mau a dicampur... sak sendok sak sendok...
 Pn : *Graji potong.. kan ngeteniki ta?*
 Tk : *He'eh... graji belah, graji potong... iki jidaran...*
 Pn : *Jidaran niku penggaris nggih?*
 Tk : *Heeh penggaris, terus patelot... meteran...*
 Pn : *Tukang ngeteniki gadhah kotak napa niki?*
 Tk : *Kuwi kothak gaman.*
 Pn : *Pun pak...*
 Tk : *Kira-kira apa meneh sing kurang?*
 Pn : *Lha bapak ingkang ngertos. Hehe...*
 Tk : *Kethoke wis kabeh... pasah bur mau wis....*
 Pn : *Ngampas teng mriki proses akhir nggih?*
 Tk : *O ya kae rung... mesin amplas, mesin grenda.*
 Pn : *Grenda kangge napa?*
 Tk : *Kangge ngrenda sing kasar nika. Grenda kadang ana sing bullet-bulet. Kaki-kaki iku kan ngalusine nganggo grenda.*
 Pn : *Mboten ngge ampla?*
 Tk : *Lho grenda kan ana amplase.. ditempli amplas.*

17. Narasumber : Bp. Kasnawi
 Lama profesi : +/- 10 tahun
 Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 02/ Rw. 06
 Tanggal Penelitian : 17 Februari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Kursi

Pn : *Saking proses kayu niku dinapake...*
 Tk : *Kayu dipotongi, disegrek, kayu dibelah ngono si...*
 Pn : *Lajeng napa malih?wau kayu disegrek...*
 Tk : *Kayu trus disambung, terus dibobok, terus disambung ditatah terus kan ditatah... bar ditatah disetel.. terus ki engko dibentuk sudut. Kursi sudut.*
 Pn : *Alate?*
 Tk : *Alate propil, psah mesin, terus graji dynamo, graji disel..*
 Pn : *Terus meteran nika...*
 Tk : *He'eh.. meteran patelot iku.. paku, sekrup..*
 Pn : *nggunakake napa malih kados paku, sekrup?*
 Tk : *Ya a nggo paku, sekrup ning ra nggunakake engsel.. laha ku rak nggawe lemari*
 Pn : *o... engsel niku sik kangge lemari. Bentuk ngeteniki namine napa?*
 Tk : *Iki jengene kaoto nggo mbentuk*
 Pn : *Lha bagiane niki lho pak, tanganan napa, napa?*
 Tk : *Iki daun... terus isen-isen...*
 Pn : *Isen-isen niku sik tatahan nika?*
 Tk : *Yo...tatahan isen-isen...*
 Pn : *Ngandhap meja nika? Sikilan kan wonten kembang..*
 Tk : *Iki kathek iki...*
 Pn : *Kathek...*
 Tk : *Iki bubutan penthol.. penthol payung...*
 Pn : *Pentol payunge ngge napa pak?*
 Tk : *Nggo macem-maceman... iki patung*
 Pn : *Ditatah nggih?*
 Tk : *Nggih..*
 Pn : *Sik model nika napa nika?*
 Tk : *Modele kan mbentuk-mbentuk ngene ki...*
 Pn : *Sami mawon?*
 Tk : *He'em...*
 Pn : *Terus sing ngangge alat-alat ngatenika...*
 Tk : *Tang... iki kanggo ngetang*

18. Narasumber : Bp. Muklis
 Lama profesi : +/- 15 tahun
 Tempat Penelitian : Mebel Bp. Tuyono, Desa Lebak Rt. 02/ Rw. 03
 Tanggal Penelitian : 19 Februari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Almari

Pn : *Awale ndamel lemari niku napa?*
 Tk : *Pertama bahan...niku maoni lalu disekal*
 Pn : *Sekal niku napa?*
 Tk : *Sekal iku dibahani. Terus diukur... diranjing a...*
 Pn : *Diranjing...*
 Tk : *He'eh..diranjing disetel.. terus diproses dimplas nika a...*
 Pn : *Lha saking komponane napa mawon?*
 Tk : *Komponen? Komponen ya bahan pintu, bahan samping... bahan kaki, sunduk..*
 Pn : *Sunduk niku ngge kerangkane nggih?*
 Tk : *Nggih kerangka*
 Pn : *Lajeng napa malih?*
 Tk : *Yo wis a iku...*
 Pn : *Terus kados napa alat-alate nika?*
 Tk : *o... mangsa lem, sekrup ika. Termasuk sekrup, lem, paku. Nek alat ngge ngerjake mebel nggih...*
 Pn : *Alat-alat sek kados siku...*
 Tk : *Nggih... siku, graji.*
 Pn : *Lajeng napa malih?*
 Tk : *Hehe... nggih wonten bur, terus propil, serut mesin..*
 Pn : *Istilahe teng mriki napa?*
 Tk : *Pasah.. pasah bengkok...*

19. Narasumber : Bp. Ali
 Lama profesi : +/- 6 tahun
 Tempat Penelitian : Desa Lebak Rt. 04/ Rw. 01
 Tanggal Penelitian : 20 Februari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Meja

Pn : *Ndamel napa niku, meja napa pak? Proses saking awale ngateniku napa?saking kayu dinapake?*
 Tk : *Proses pertama iku ya masahi ndhipek..karo ngukuri ngaten... karek mbentuk bahane apa...*
 Pn : *Lajeng?*
 Tk : *Karo disetel.. maksude ngateniku barange nika disetel.*
 Pn : *Ngginakaken alat napa kemawon pak?terus sanese dibubut napa mboten?*
 Tk : *dipasah*
 Pn : *Sanese graji wau napa malih?*

Tk : *Meteran..*
 Pn : *Meteran nggih?*
 Tk : *Grenda...*
 Pn : *Napa? Grenda...*
 Tk : *Iki jonter.*
 Pn : *Napa, jonter niku ngge napa?*
 Tk : *Kanggo nglempengi...*
 Pn : *Ngateniki meja ingkang bunder-bunder niku komponnene napa mawon...*
 Tk : *Saking kayu dibrubut*
 Pn : *Napa dibrubut napa dibubut?*
 Tk : *Bubut..*
 Pn : *o... nggih... lha ingang kothah niku pak?*
 Tk : *Sikilan meja...*
 Pn : *Lha kados meja ngateniku napa mawon?*
 Tk : *Iku rangka meja e mbak...*
 Pn : *Lha niki ndamel napa pak?*
 Tk : *Lemari.*
 Pn : *Komponane sami mboten?*
 Tk : *Ya sunduk niku garek ngapasake..*
 Pn : *Ngranjing nggih?*
 Tk : *Ya...*
 Pn : *Lha bagian saking mriki niku...*
 Tk : *Lebare...*
 Pn : *Mboten... istilahe pak..*
 Tk : *Saka kaliya sundhuk, wonten kape...*
 Pn : *Kap niku?*
 Tk : *Bagian atas*
 Pn : *Lha ngateniki jenenge dinapake pak?*
 Tk : *Koneng jengene*
 Pn : *Koneng? Koneng niku napa?*
 Tk : *Koneng niku modele iku mangke tatahan bulug ngaten.*
 Pn : *o...tatahane. Ditempleki napa pripun...?*
 Tk : *Mboten, dikol, mropil*
 Pn : *Lha koneng niku fungsine kagge napa*
 Tk : *Ngge mropil*
 Pn : *Koneng niku kangge napa mawon?meja napa, napa teng lemari wonten?*
 Biasane sek khusus meja nggih.
 Tk : *Iki karek ordere e mbak.*
 Pn : *Mboten nek koneng. Niki koneng ta... sek cekungan niki ta... teng lemari wonten mboten?*
 Tk : *Mboten. Khusus meja. Sek iki ditian..*
 Pn : *Ditian niku basa indonesiane napa?*
 Tk : *Napa nggih.. niku ki cara nglebokake gandhengan daun iku si... ram pintu ngateniku lho*
 Pn : *Ram niku kerangka nggih? Berarti ditian istilahe niku ngleboke godhongan teng rangkane niku*

Tk : *Biasane godhonge niku nek dipanil terus ditlengseng*
Pn : *Ditlengseng niku napa*
Tk : *Modele diiringake*
Pn : *Lajeng napa malih pak?*
Tk : *Ngangge paku tembak*
Pn : *o... ngangge paku tembak nggihan?*
Tk : *Nggih. Nika...*
Pn : *Terus biasane ngangge teng tukang kayu nika biasane pen napa..*
Tk : *Nggih nika ngge murus*

Catatan:

1. Kegiatan wawancara yang tidak direkam, datanya terdapat dalam catatan lapangan
2. Pn : Peneliti
3. Tk : Tukang Kayu

Lampiran 2: Daftar Catatan Lapangan

Catatan Lapangan 1

Tempat Penelitian : Rumah Bp Mustiko, Ds. Lebak RT. 01/ RW. 01
 Tanggal Penelitian : 23 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan kursi/ bangko

Narasumber			
Nama Narasumber	: Nursaid		
Tempat tinggal	: Lebak RT. 01/ RW. 01		
Lama Profesi	: 10 Tahun		
Hasil			
1. Istilah-istilah pertukangan kayu			
Masah	Dielim	Bur engkol	Meteran
Pasah mesin	Lim adukan	Pelilit bur	Nyiku
Undhuk cendhak	Tatah	Grenda	Ngukur dawa
Undhuk dawa	Tatah rapeh	Diamplas	Prusut
Purus	Dibur	Ngukir	Diprusuti
Siku	Nagel	Nyerpis	Mola
Kayu blabagan	Purusi	Bubukan	Wilah
Graji ogrok	Nglempengi	Diadoni	Rangkepan
Murus	Ngalusi	Mbuleti	Pantheke
Graji bengkok	Digareki	Lekuk-lekukan	Stange
Ogrok-ogrok	Dikethok-kethok	Kaoto	Danganan
Komponen	Nemplekake	Blabag	Nyoreti
Bengkok purus	Diranjing	Nukang	Nglemahi
Ngebrak	Disekrupi	Nyigari	Sunduk
Bobok mesin	Dinageli	Kothak gaman	Srampat
Gunungan	Angin-angin	Kothakan	Jari-jari
Tatah-tatahan	Ngeblok	Linggihan	Pancikan
Blok-blok	Gambangan	Sendheran	Tanganan
2. Deskripsi narasumber			
a. Meteran iku alat kanggo ngukur dawa			
b. Amplas ana loro, iku amplas alus karo amplas kasar			
c. Kaoto kanggo mbuleti utawa nggawe bunderan			
d. Bengkok dinggo nggraji komponen			
e. Propil kanggo ndadekake kayu sing siku dadi rak siku			
f. Bur manual jengene engkol			
g. Grenda isa dinggo ngikir graji bengkok			

- h. Nembel kayu biasane nganggo dhempul, dhempul digawe ka bubukan amplas dicampur lim putih
- i. Nek natah kursi kuwi pas ijih dadi komponen
- j. Ngepur kuwi natah kanggo nyambung gambar antarane komponen siji karo sijine
- k. Siku kanggo nyiku lah orak penceng
- l. Prusut dinggo nggaris utawa nggawe pola sing ape dibobok
- m. Pasah kuwi undhuk, wilah, rangkepan, pantek kanggo ngganjel, karo stang utawa danganan
- n. Undhuk cendhak kanggo ngalusi, nek undhuk dawa kanggo nglempengi
- o. Nglemahi kuwi ndasari, iki hubungane karo natah
- p. Sunduk kanggo ngubungke komponen siji karo sijine
- q. Srampat iku pancikan meja
- r. Gambangan kanggo linggihan
- s. Kursi bunga modele tatah-tatahan
- t. Angin-angin kanggo pariasi ngubengi kursi
- u. Godhongan kanggo blok-blok

Tanggapan Pengamat

Pada penelitian ini, peneliti mendapatkan banyak kosa kata khusus (Istilah-istilah pertukangan kayu). Istilah-istilah tersebut berhubungan dengan segala sesuatu yang dikerjakan tukang kayu ketika bekerja. Kosa kata yang diperoleh sebagian besar berupa kata benda, kata kerja. Hal itu dikarenakan kosa kata tersebut digunakan saat bekerja, sehingga kata-kata yang diperoleh berupa kata kerja. Sedangkan kata benda berhubungan dengan benda-benda maupun alat yang digunakan tukang kayu saat bekerja. Selain Istilah-istilah pertukangan kayu, pada penelitian ini peneliti mendapatkan beberapa gambar alat pertukangan baik yang tradisional maupun yang modern. Foto-foto tersebut didapatkan saat penelitian, adapun juga yang didapatkan saat observasi.

Catatan Lapangan 2

Tempat Penelitian : Rumah Bp. Jumadi, Ds. Lebak RT. 04/ RW. 06
 Tanggal Penelitian : 24 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Kursi Nako dan Memahat Kayu

Narasumber			
Nama Narasumber	: Bp. Pariyo		
Tempat tinggal	: Lebak RT. 04/ RW. 06		
Lama Profesi	: 21 Tahun		
Hasil			
1. Istilah-istilah pertukangan kayu			
<i>Pelas</i>	<i>Cublak</i>	<i>Pantek bobok</i>	<i>Juring</i>

<i>Ngencengi</i>	<i>Pen</i>	<i>Lilin</i>	<i>Coret</i>
<i>Patelot</i>	<i>Sekrup</i>	<i>Lung-lungan</i>	<i>Ngrancap</i>
<i>Lim poxi</i>	<i>Dirancap</i>	<i>Penilat</i>	<i>Mbentuk</i>
<i>Kepala bangko</i>	<i>Pelilit korek</i>	<i>Penguku</i>	<i>Mecahi</i>
<i>Diterapake</i>	<i>Meja natah</i>	<i>Kol</i>	<i>Nyoreti</i>

2. Deskripsi narasumber

- Pelas iku kayu rusak ditembel*
- Pen kanggo ngunci purus, digawe saka kayu*
- Plilit korek dinggo nggawe bolongan pen*
- Dirancap iku nggawe dasaran pas natah*
- Pantek bobok kanggo ngencengi kunci bobok*
- Penilat kanggo ngrancap*
- Penguku karo kol isa kanggo mbentuk*
- Juring karo coret kanggo mecahi*

Tanggapan Pengamat

Penelitian pada tanggal 24 Januari 2011 mendapatkan beberapa kosa kata khusus. Pada umumnya istilah pertukangan yang digunakan sama dengan tukang kayu yang lainnya. Akan tetapi ada beberapa istilah khusus (Istilah-istilah pertukangan kayu) yang jarang digunakan oleh tukang kayu yang lain. Contoh istilah tersebut antara lain: pelas, cublak, ngrancap, lung-lungan. Selain tukang kayu yang membuat kursi, pada penelitian ini terdapat satu narasumber lagi yaitu seorang tukang pahat kayu (ukir kayu), yang tidak berkenan menyebutkan identitasnya. Beliau hanya menyebutkan beberapa alat yang digunakan untuk memahat, beserta fungsinya. Adapun alat yang jarang digunakan oleh tukang kayu yang lainnya adalah lilin, serta pantek bobok. Alat ini digunakan untuk mesin bobok ornamen (*tempel, loter*).

Catatan Lapangan 3

Tempat Penelitian : Rumah Bp. Shodiq, Ds. Lebak RT. 03/ RW. 01
Tanggal Penelitian : 25 Januari 2011
Topik Penelitian : Pembuatan Tolet dan Almari

Narasumber			
Nama Narasumber	: Bp. Trisno		
Tempat tinggal	: Lebak RT. 03/ RW. 04		
Lama Profesi	: 20 Tahun		
Hasil			
1. Istilah-istilah pertukangan kayu			
<i>Puk</i>	<i>Mbahani</i>	<i>Undhuk propil</i>	<i>Undhuk kodhok</i>

<i>Slorokan/laci</i>	<i>Bubutan</i>	<i>Tatah bobok</i>	<i>Lis</i>
<i>Klewer</i>	<i>Bangko</i>	<i>Todhos/ grip</i>	<i>Mbongkari</i>
<i>Srebet</i>	<i>Tolet</i>	<i>Prusut</i>	<i>Drei</i>
<i>Garengan</i>	<i>Pethel</i>	<i>Ngamplas</i>	<i>Dikodhoki</i>
<i>Brubutan</i>	<i>Ungkal</i>	<i>Ngepres</i>	<i>Propilan</i>
<i>Bangko</i>	<i>Oker</i>	<i>Nginggiri</i>	<i>setelane</i>
<i>Tondan/ Ambal</i>	<i>Metheli</i>	<i>Inggir</i>	
<i>Gandhen kayu</i>	<i>Undhuk kol</i>	<i>Undhuk panil</i>	
2. Deskripsi narasumber			
<i>a. Graji singso iku graji mesin kanggo ngethok kayu</i>			
<i>b. Tondhan utawa ambal kanggo ndeleh klambi</i>			
<i>c. Undhuk kodhok iku padha karo undhuk cendhak</i>			
<i>d. Oker dinggo ndempul, gantine dhempul gawean</i>			
<i>e. Inggir kuwi alat kanggo nginggiri utawa ngrapekake bagian pinggir lemari uawa prabot liyane</i>			
<i>f. Undhuk panil dinggi manil (kanggo nggawe cekungan utawa miringake daun pintu)</i>			
<i>g. Tatah rapeh kanggo ngrapekake kiwa tengene bobokan</i>			
<i>h. Siku serong dinggo nyikoni sing model serong utawa miring</i>			
<i>i. puk iku linggihan tolet</i>			
<i>j. klewer iku pengias sikilan-sikilan tolet utawa lemari sing ndhok ndhuwur</i>			
<i>k. srebet iku pengias ning sikilan-sikilan tolet utawa lemari sing ndhok ngisor</i>			
<i>l. garengan iku padha karo sikilan isa tolet isa lemari, sikilan mau dibubut</i>			
<i>m. undhuk kodhok padha karo undhuk cilik</i>			
<i>n. oker kuwi bubuk kayu sing dinggo ndhempul</i>			
Tanggapan Pengamat			
Penelitian pada tanggal 25 Januari 2011, peneliti mendapatkan beberapa kosakata khusus yang digunakan oleh tukang kayu. Hal ini berhubungan dengan alat yang digunakan saat bekerja. Alat ini jarang digunakan oleh tukang kayu pada saat ini, karena tukang kayu pada saat ini cenderung memilih untuk menggunakan alat yang modern. Akan tetapi, Bp. Trisno beserta rekannya dalam bekerja masih menggunakan alat tradisional seperti: <i>ungkal watu</i>, <i>undhuk kol</i>, <i>inggir</i>, <i>undhuk panil</i>, <i>siku serong</i>, dsb. Selain itu, istilah yang beliau gunakan ada yang berbeda dengan tukang kayu pada umumnya. Misalnya: <i>klewer</i>, <i>puk</i>, <i>srebet</i>, <i>garengan</i>, <i>undhuk kodhok</i>, <i>oker</i>, dan masih banyak lagi. Selain melakukan wawancara, peneliti juga mengamati kegiatan narasumber saat bekerja.			

Catatan Lapangan 4

Tempat Penelitian : Bp. Daruki, Ds. Lebak, Dusun Nganjir RT. 02/ RW. 03

Tanggal Penelitian : 26 Januari 2011
 Topik Penelitian : Memahat Kayu

Narasumber			
Nama Narasumber	: Muh. Ridwan dan Warli		
Tempat tinggal	: Ds. Lebak, Dusun Nganjir RT. 02/ RW. 03		
Lama Profesi	: 3 tahun dan 11 tahun		
Hasil			
<i>Loster</i>	<i>Dipan</i>		
<i>Nampanan</i>	<i>Penilat</i>		
<i>Tiang</i>	<i>Juring</i>		
<i>Nempel-nempeli</i>	<i>Ndhasari</i>		
<i>Lemari-lemari</i>	<i>Palu</i>		
<i>Pojok-pojokan</i>	<i>Gandhen</i>		
<i>Mbulugi</i>	<i>ulir</i>		
<i>Nggethaki</i>	<i>Kembang</i>		
<i>Ngekol</i>	<i>Danganan</i>		
<i>Njegongi</i>	<i>Pres</i>		
Tanggapan Pengamat			
Penelitian ini merupakan wawancara kepada tukang <i>natah</i>, yaitu Ridwan dan Warli. Pada dasarnya alat yang mereka gunakan dalam bekerja adalah sama dengan tukang <i>natah</i> yang lainnya. Perbedaannya adalah pada hasil ukiran. Misalnya, <i>loster</i>, <i>nampanan</i>, <i>tiang</i>, dll. Hasil ukiran tersebut termasuk dalam kategori <i>tempel</i>, yang memiliki fungsi sebagai penghias pada lemari, dipan, maupun bifet. Terkadang tukang ukir tidak semuanya mengetahui istilah-istilah baku bentuk ukiran. Hal itu dikarenakan mereka dapat mengukir secara otodidak, sebelumnya tidak mempelajari secara teori, akan tetapi belajar secara langsung dengan praktik. Oleh karena itu, istilah-istilah mengukir yang mereka mengerti adalah dengan ungkapan mereka sendiri, yang biasanya dimengerti oleh sesama atau rekan kerja mereka.			

Catatan Lapangan 5

Tempat Penelitian : Mebel Bp. Bloso, Desa Lebak RT. 02/ RW. 01
 Tanggal Penelitian : 27 Januari 2011
 Topik Penelitian : Pembuatan Bifet Orjen

Narasumber	
Nama Narasumber	: Suhali
Tempat tinggal	: Desa Lebak RT. 02/ RW. 01

Lama Profesi	: +/- 15 tahun		
Hasil			
